

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kaparigelan salasaurang dina nulis, tangtu teu leupas tina basa anu dipakéna sapopoé jeung naon anu dibacana. Fungsi basa salaku alat komunikasi teu leupas tina sistem kaparigelan basa. Nurutkeun Tarigan (1993: 3), kaparigelan makéna basa ngawengku opat komponén, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis.

Ari ngaregepkeun jeung maca kaasup kaparigelan anu *aktif reseptif*, sedengkeun nyarita jeung nulis kaasup kaparigelan anu *aktif produktif* (Kardana, 1988: 3). Éta komponén téh gumulung mangrupa hiji beungkeutan anu disebut catur tunggal.

Nulis mangrupa salah sahiji komponén dina kaparigelan makéna basa. Nulis mibanda kalungguhan anu penting nya éta mangrupa alat pikeun nyatet atawa ngarékam, ngayakinkeun, ngalaporkeun, atawa méré nyaho jeung mangaruhan jalma lian (Tarigan, 1993: 4).

Ku kituna, Tarigan (1993:4) nétélakeun yén kaparigelan nulis mangrupa hiji kaparigelan basa anu teu bisa kapimilik kalawan otomatis tapi butuh waktu, proses pangalaman jeung butuh latihan nu intensif. Ku kituna dipiharep pangajaran nulis bisa ngahudang kahayang siswa kana diajar nulis nepi ka parigel dina ngaéksprésikeun ide, gagasan jeung pesan nu nyampak dina dirina sacara bébas ngaliwatan latihan nu inténsif.

Nurutkeun Peck jeung Schulz nu dicutat ku Henry Guntur Tarigan (1993:9), tujuan pangajaran nulis nya éta saperti ieu di handap.

- a) *Membantu para siswa memahami bagaimana caranya ekspresi tulis dapat melayani mereka, dengan jalan menciptakan situasi-situasi di dalam kelas yang jelas memerlukan karya tulis dan kegiatan menulis.*
- b) *Mendorong para siswa mengekspresikan diri mereka secara bebas dalam tulis.*
- c) *Mengajar para siswa menggunakan bentuk yang tepat dan serasi dalam ekspresi tulis.*
- d) *Mengembangkan pertumbuhan bertahap dalam menulis dengan cara membantu para siswa menulis sejumlah maksud dengan sejumlah cara dengan penuh keyakinan pada diri sendiri secara bebas.*

Jasir Burhan (1971: 200) ogé nétélakeun ngeunaan tujuan pangajaran nulis nya éta :

- 1) sangkan mampuh nulis basa nu bener luyu jeung aturan-aturan basa ;
- 2) sangkan mampuh nulis bari jeung ngaregepkeun sarta bisa nulis gancang tur bener, basa-basa nu kadéngé dina wates-wates lingkungan kecap anu geus kacangking;
- 3) sangkan mampuh ngarang pikeun ngabuktikeun tingkat pemahaman kana bahan anu geus dibaca, sarta mampuh ngagunakeun basa luyu jeung pola-pola tata basa;
- 4) sangkan bisa nepikeun gagasan sarta pikiran dina salasahiji karangan.

Dumasar kana katerangan di luhur, geus jelas yén pangajaran nulis téh lain ngan saukur ngawanohkeun siswa kana tulis tinulis tapi ogé sangkan ngajembaran pangaweruh siswa dina nulis, ngabébaskeun siswa sangkan boga ide, gagasan jeung imajinasi anu aya dina dunya pikiranana dina wangun

tulisan sangkan kaharti ku nu maca, sarta boga kamampuh dina ngagunakeun basa nu bener tur merenah luyu jeung aturan-aturan basa.

KTSP minangka singgetan tina Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan, anu kiwari dipaké pedoman pikeun ngajar di sakola-sakola. KTSP ngabogaan wangenan nya éta kurikulum operasional nu disusun jeung dilaksanakeun di unggal satuan pendidikan sarta dimekarkeun ku sakola jeung komite sakola, ngabogaan pedoman kana standar kompetensi lulusan jeung standar eusi sarta paduan penyusunan kurikulum nu dijieun ku BNSP.

Ku kituna, luyu jeung wangenan KTSP yén pangajaran téh dimekarkeun ku sakola jeung komite sakola, kitu ogé pangajaran nulis dina mata pelajaran Basa Sunda, di dieu guru ngabogaan peran anu penting pikeun ngajar siswana sangkan parigel, ogé ngarti kana pangaweruh nu ditepikeun ku guru.

Salasahiji bahan pangajaran nulis anu perlu diajarkeun nya éta nulis sajak, ieu pangajaran téh ditepikeun pikeun siswa kelas tujuh SMP, sangkan siswa bisa nepikeun ide, gagasan, kaparigelan sarta imajinasina dina wangun sajak anu kecap-kecapna éndah atawa bisa ngagambarkeun hiji hal.

Lian ti éta, pangajaran nulis sajak boga tujuan sangkan siswa parigel dina nepikeun jeung ngaékspresikeun paninggal, pikiran jeung imajinasi luyu jeung tujuan nu hayang ditepikeun, ku cara aktif jeung kréatif. Sarta ogé bisa ngahudang karep, karesep, jeung sikep siswa nu hadé kana pangajaran nulis hususna nulis sajak.

Sakabéh tujuan nu aya di luhur tangtuna ogé teu leupas tina peran guru anu ngajar, sabab kahontal henteuna tujuan pangajaran loba ditangtukeun ku peran guru dina ngokolakeun kagiatan diajar-ngajar. Kaparigelan dina ngatur kelas jeung dina prakna nepikeun bahan pangajaran, guru diperedih parigel dina nyiptakeun situasi kelas nu matak pikabetaheun siswa (Lismawati, 1994 :4).

Cara nu dianggap merenah pikeun nyumponan pemeredih di luhur nya éta ku jalan nyiptakeun atawa milih modél pangajaran nu bisa ngarojong kana kahontalna tujuan pangajaran.

Pikeun milih jeung nangtukeun hiji modél pangajaran anu cocog, biasana kudu ningali heula tujuan pangajaranana. Salasahiji modél pangajaran basa nya éta modél *Coopetative Integrated Reading and Composition (CIRC)* atawa *Kooperatif Terpadu Membaca dan Menulis*. Modél ieu digunakeun pikeun pangajaran maca jeung nulis anu leuwih nyoko kana méré tanggapan eusi téks. Modél CIRC méré kamungkinan ka siswa ngébréhkeun rupa-rupa gagasan anu kapanggih tina téks, lantaran CIRC méré kasempetan ka murid pikeun maca, nyieun kacindekan sacara tinulis, dina pangajaran nulis sajak bisa dipaké sangkan siswa bisa ngaparafrase sajak nu geus aya.

Panalungtikan anu geus aya ngeunaan modél pangajaran CIRC dina pangajaran nulis nu kacatet di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah UPI Bandung nepi ka taun 2007, nya éta Titin (2007) *Kamampuh Nulis Karangan Déskripsi Ngagunakeun Modél Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC) Siswa Kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung (Studi*

Kuasi Eksperimén). Anu hasilna yén aya peningkatan mutu belajar siswa sanggeus ngagunakeun modél pangajaran CIRC. Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan perlu dilaksanakeun ngeunaan “Pangajaran Nulis Sajak Ngagunakeun Modél *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC) Siswa Kelas VII SMP Negeri 3 Bandung Taun Ajaran 2007/2008.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan masalah

Luyu jeung kasang tukang di luhur pikeun museurkeun ieu panalungtikan téh diwatesanan ngan saukur

- 1) modél pangajaran nulis ngagunakeun modél *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC).
- 2) hasil diajar siswa tina pangajaran nulis sajak nu maké modél pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC).
- 3) éféktifitas modél CIRC dina ningkatkeun hasil diajar nulis sajak kelas VII siswa SMP Negeri 3 Bandung Taun Ajaran 2007/2008.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dina ieu panalungtikan tangtuna waé aya sababaraha hal anu perlu dirumuskeun, rumusan masalah baris diébréhkeun dina wangun kalimah pananya saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis sajak siswa saméméh dilaksanakeun pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC)?
- 2) Kumaha kamampuh nulis sajak siswa sanggeus dilaksanakeun pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC)?
- 3) Naha aya peningkatan kamampuh nulis sajak sabada ngagunakeun pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC)?
- 4) Naha model pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC) éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan anu baris dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun :

- 1) kamampuh nulis sajak siswa saméméh dilaksanakeun pangajaran CIRC;

- 2) kamampuh nulis sajak siswa sanggeus dilaksanaken pangajaran CIRC;
- 3) peningkatan nulis sajak sabada ngagunakeun pangajaran CIRC;
- 4) éféktifitas pangajaran CIRC pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Aya sababaraha mangpaat tina ieu panalungtikan, diantarana waé:

Sacara téoritis, ieu panalungtikan aya mangpaatna pikeun mekarkeun téori pangajaran jeung hasil pangajaran, sedengkeun sacara praktis mangrupa siswa, nya éta:

- 1) pikeun ngalatih siswa sangkan bisa mekarkeun basa jeung daya imajinasina dina wangun sajak.
- 2) pikeun ngayakinkeun siswa yén mata pelajaran basa sunda teu hésé sakumaha anu aya di pikiran para siswa salila ieu.

Pikeun guru nya éta :

- 1) pikeun ngabantu para guru sangkan bisa mekarkeun kaparigelan dina ngajar nulis sajak.
- 2) bisa dijadikeun alternatif dina model pangajaran di kelas sangkan bisa ngaronjatkeun mutu pangajaran pikeun guru.

1.5 Landasan Teori

Landasan teori atawa kerangka dasar nya éta mangrupa gambaran wangenan ngeunaan naon-naon anu dibahas dina panlungtikan, diantarana :

1) Modél Pangajaran

Modél pangajaran nya éta pamarekan ngajar atawa cara guru dina ngamekarkeun kagiatan siswa dina lumangsungna kagiatan diajar ngajar (Sudjana. 1991:8).

2) Nulis

Nulis nya éta proses kagiatan pikiran manusa anu hayang ngébréhkeun eusi jiwana anu lian atawa kadirina sorangan ngaliwatan wangun tulisan (Widyamartaya. 1988: 9).

3) Sajak

Sajak nya éta karya sastra wangun ugeran (puisi) anu teu pati kauger ku patokan-patokan (Tamsyah. 1996: 185).

4) Modél *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC)

Modél CIRC nya éta *kooperatif terpadu membaca dan menulis*, CIRC ogé mangrupa salasihiji modél pangajaran basa anu léngkah-léngkah gawéna :

- a. guru ngawangun kelompok anu masing-masing kelompok kawangun ku opat siswa sacara hétérogen;
- b. guru nepikeun wacana, méré téks wacana saluyu jeung bahan pangajaran;

- c. siswa maca éta téks wacana tuluy néangan ide pokok jeung méré tanggapan kana éta téks wacana nu ditulis dina lembar jawaban;
- d. siswa macakeun hasil gawé jeung batur sakelompokna.
- e. guru nyieun kacindekan babarengan jeung siswa;
- f. guru macakeun kacindekan.

1.6 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta :

- 1) Bahan pangajaran nulis sajak geus nyampak dina KTSP.
- 2) Modél pangajaran CIRC bisa diterapkeun dina pangajaran nulis.
- 3) Modél pangajaran dipaké ku unggal guru dina prosés diajar ngajar.
- 4) Pangajaran nulis sajak cocogna dina bentuk latihan lain ngan saukur méré téori ka siswa.

1.7 Hipotesis

Hipotesis ieu panalungtikan nya éta aya béda anu signifikan antara hasil diajar siswa kelas VII SMP Negeri 3 Bandung saméméh dibéré pangajaran nulis sajak ngagunakeun modél CIRC jeung sabada dibéré pangajaran nulis ngagunakeun modél CIRC.

2 Metode jeung Tehnik Panalungtikan

2.3 Metode Panalungtikan

Metode panalungtikan numutkeun (Arikunto, 2002: 135) nya éta cara nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan.

Metode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode ékspérimén. Ciri-cirina nya éta:

1. Secara khas dalam penelitian eksperimental menggunakan kelompok kontrol sebagai “garis besar” untuk dibandingkan dengan kelompok yang dikenai perlakuan (interfensi) dalam pelaksanaannya.
2. Dalam rancangan yang klasik, semua variabel penting diusahakan agar konstan, kecuali variabel perlakuan yang secara sengaja dimanipulasikan atau dibiarkan bervariasi.
3. Memusatkan usaha pada pengontrolan variasi. (Suyatna, 2002:17).

Tujuanana nya éta pikeun neangan hubungan sebab akibat, ku cara maké hiji atawa leuwih kelompok ékspériméntal, hiji atawa leuwih kondisi perlakuan ogé ngabandingkeun hasilna jeung kelompok kontrol.

Ku kituna, metode ékspérimén nya éta pikeun ningal pangaruh metode pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC)* ka siswa nu tangtu.

7.2 Tehnik Panalungtikan

Tehnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta (a) tehnik ngumpulkeun data (tes) jeung ngolah data (b) Angket.

a). Tehnik Ngumpulkeun Data (tes) jeung Ngolah Data

Tehnik ngumpulkeun data (tes) dilaksanakeun saméméh jeung sabada uji coba modél pangajaran nulis sajak nu maké metode latihan ditepikeun. Tes awal (Pre tes) maksudna pikeun mikanyaho gamabaran awal kamampuh siswa saméméh dibéré teori ngeunaan pangajaran nulis. Sedengkeun tes ahir (Post tes) dilaksanakeun pikeun mikanyaho gamabaran ahir hasil diajar siswa sabada uji coba modél pangajaran nulis sajak nu maké metode latihan ditepikeun.

Dina pengolahan data, aya sababaraha langkah anu kudu dipigawé, diantaranya :

- 1). Mariksa jeung milih data nu asup. Dina waktu mariksa data, kudu dikaji heula katangtuan atawa kaidah anu dijieun.
- 2). Klasifikasi data. Hartina ngelompokkeun data atawa milih-milih data nu geus kakumpul dumasar kana jinisna (*kualitatif/ kuantitatif*), instrumen nu digunakeun (*observasi, interview, kuesioner, atawa tes*), sarta tujuan panalungtikan nu hayang dihontal.
- 3). Tabulasi data. Tabulasi data hartina ngalaporkeun kabéh data dina bentuk tabél (*univariat, bivariat, multivariat, histogram, poligon jeung ogive*), data ogé dilaporkeun ku cara ngagunakeun “coding form” jueng “coding scheme”.

Tabulasi data bisa disaluyukeun jeung kaayaan ogé kabutuhan dina waktu ngalaporkeun panalungtikan.

- 4). Tehnik analisis. Dina gurat badagna, teknik analisis data aya dua, nya éta analisis statistik jeung analisis non-statistik. Ieu ogé gumantung kana datana. Mun datana mangrupa data kuantitatif kudu ngagunakeun analisis kualitatif. (Suyatna, 2002:25)

b) Angket

Angket (*Kuesioner*) nya éta sababaraha patalékan nu ditulis pikeun meunagkeun informasi ti réspodén ngeunaan hal-hal anu dipikanyaho ku éta réspodén.

Ditingal dina bentukna, angket (*kuesioner*) dibagi kana tilu bagian, diantaranya :

- 1). Pilihan ganda, nya éta sami sareng kuesioner anu tertutup.
- 2). *Chek list*, mangrupa hiji daptar nu tangtu nepi ka réspodén ngan saukur méré tanda chek (✓) dina kolom nu geus ditangtukeun.
- 3). *Rating scale (skala bertingkat)*, nya éta hiji pernyataan nu dituturkeun ku kolom-kolom nu némbongkeun tingkatan-tingkatan. (Suyatna, 2002:22).

3 Instrument Panalungtikan

Arikunto (2002: 138) netelakeun yen instrument panalungtikan the nya eta alat atawa pasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawean leuwih gampang jeung hasilna leuwih

hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep jeung sistematis nepi ka datana leuwih gampang diolah.

Instrumén anu dipaké panalungtikan nya éta ngagunakeun test. Tes eusina ngeunaan rupa-rupa patalékan nu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegensi, kamampuh atawa bakat nu dipiboga ku individu atawa kelompok (Suyatna, 2002 :23).

Conto tes pangajaran nulis sajak :

Damel sajak ngeunaan Ibu, kalawan maké basa nu éndah !

